

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis data anu aya dina bab IV, dina ieu panalungtikan bisa dicindekeun saperti di handap.

- a. Kamampuh nulis laporan siswa kelas VIII-A SMPN 26 Bandung taun ajaran 2022/2023 saméméh dilarapkeun modél *project based learning* kaasup kana katégori kurang mampuh. Lantaran rata-rata anu dicangking nya éta 51,62 atawa 52. Tina 29 atawa 100% siswa anu kagolong kana katégori mampuh pisan nyaéta aya 0 siswa atawa 0%; siswa anu kagolong kana katégori mampuh 0 siswa atawa 0%; siswa anu kagolong kana katégori cukup mampuh nyaéta 9 siswa atawa 31%; siswa anu kagolong kana katégori kurang mampuh nyaéta 16 siswa atawa 55%; siswa anu kagolong kana katégori kurang mampuh pisan nyaéta 4 siswa atawa 14%.
- b. Kamampuh nulis laporan siswa kelas VIII-A SMPN 26 Bandung taun ajaran 2022/2023 sanggeus dilarapkeun modél *project based learning* kaasup kana katégori mampuh. Lantaran rata-rata anu dicangking nya éta 76. Tina 29 atawa 100% siswa anu kagolong kana katégori mampuh pisan nyaéta aya 6 siswa atawa 21%; siswa anu kagolong kana katégori mampuh 14 siswa atawa 48%; siswa anu kagolong kana katégori cukup mampuh nyaéta 9 siswa atawa 31%; siswa anu kagolong kana katégori kurang mampuh nyaéta 0 siswa atawa 0%; siswa anu kagolong kana katégori kurang mampuh pisan nyaéta 0 siswa atawa 0%.
- c. Aya bédana tina hasil nulis laporan siswa kelas VIII-A SMPN 26 Bandung taun ajaran 2022/2023 saméméh jeung sanggeus dilarapkeun modél *project based learning*. Katitén yén nilai sig.  $0,000 < 0,05$ . Ku kituna,  $H_0$  ditolak jeung  $H_a$  ditarima. Hartina, cocog pangajaran modél *Project Based Learning* dina nulis laporan kajadian siswa.

## 5.2 Implikasi

Modél *project based learning* dina pangajaran nulis laporan kajadian. Larapna modél *project based learning* miboga implikasi yén ieu modél bisa ditarima ku siswa. Dina prak-prakanna ieu modél kawilang leuwih ngirut jeung matak pikaresepeun. Ayana modél *project based learning* jadi salah salahiji alesan pikeun siswa nuwuhkeun kaparigelan dina pangajaran nulis laporan kajadian. Ieu modél téh ngalatih kaparigelan siswa dina néangan informasi jeung gawé bareng dina ngahontal udagan pikeun ngajieun hiji proyék patali jeung laporan kajadian.

## 5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana kacindekkan yén modél ieu téh cocog dina pangajaran nulis laporan kajadian kelas VIII-A SMPN 26 Bandung taun ajaran 2022/2023, ku kituna dirékoméndasikeun saperti di handap.

- 1) Modél *project based learning* téh bisa dijadikeun salah sahiji alternatif pikeun lumangsuna pangajaran di kelas;
- 2) Modél *project based learning* masih dilakukeun di sakola perlu aya panalungtikan dibidang séjénna;
- 3) Modél *project based learning* masih perlu dilakukeun panalungtikan hususna dina nulis éjahan;
- 4) Perlu dilaksanakeun ngagunakeun panalungtikan ékspérimén murni sangkan nyangking ambahan anu leuwih lega.